
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 saqaris;
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan,
 oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
 B. S O E M A R N A
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==

 REGNIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soeara Katholiek
 1 taon f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Wonten ing Ngeroem—Sadé kalijan dagang—Swara ingkang awis kapingreng—Mrih rahajoe—Aroem daloe, ning tenan—Serat kintoean—Panglimbang—Kapara njata—Ontjen sekar gambir melati—Oerap-sari—Correspondentie.

WONTEN ING NGEROEM.

Anggèn koela njipeng ing Roem ngantos pitoeng daloe. Damel koela éndjing sonten namoeng moebeng ngijeng ningali papan panggènan ingkang misoewoer pantes tiningalan, langkoeng-langkoeng ingkang soetji: kados déné Grédja-Grédja, coliseum, catacomben, museum l.s.p.

Sarèhne koela boten kober, margi kaslepek ing padamelan ingkang langkoeng perloe, pramila tjarijos koela poenggel semanten kémawon. Bédjing malih jèn pinoedjoe senggang koela badé ndalang malih. Awit oepami koela njati, koela saged ngarang boekoe ingkang ngemot tjarijosipoen satrija Djawi ingkang nglangbrang wonten ing kita Ngeroem.

Éwasemanten wonten perkawis ingkang kedah koela atoeraken ing sapoenika, inggih poenika anggèn koela njembahjangan pandjénangan sadaja wonten ing pasaréjanipoen Rasool Pétroes lan Paulus, poenapa malih wonten ing altariipoen St. Franciscus Xaverius, ing kamaripoen St. Aloysius lan Joannes Berchmans, poenapa malih wonten ing catacombe pasaréjanipoen St. Cecilia.

Kala koela moebeng noeroet léng oetawi rong ing catacombe, poen manah keraos-raos, déné semanten genging labetipoen para Katoeliki djaman kina, ngantos dipoenlabeti toh njawa, woetah getih ngelèng kados gangsir sarta ngerong kados tikoës, namoeng margi ngantepe kapitadosanipoen. Mangka gangipoen poenika wonten ingkang aet sanget boten kénging kanggé simpangan para sadèrèk ingkang lema-lem. Malika semanten koela kemoetan tjètjèkan koela, kalanipoen koela begita - begitoe ketepoesan nonil tjara Welandé lampahan pedjahipoen Neo ingkang sapisanan wonten ing Moentilan, oetawi goeroek maos karangan bab catacomben wonten ing academie tjara Walandi. Djaman semanten koela boten ngrempeloe menawi badé naté tloesoepan mawi obor toewin tjolok wonten ing oeroeng-oeroeng ngandap siti pandelikanipoen para Katolik ing djaman kina, djaman pangoeja-oēja. Pramila inggih lajak kémawon, menawi sapoenika ing Ngeroem Grédjanipoen éndah-éndah noetjoe kados djamoer. Tijang raboekipoen peng-pengan!

Saja nalika koela ngladosi Mis wonten ing altar patilasan djaman kina satjelakipoen pasaréjanipoen St. Cecilia, koela roemias soemedot, menggah sababipoen inggih warni-warni.

Mantoeck.

Kemis tanggal 5 Dec. 1929, djam 9 sonten koela mangkat mantoeck datang Maastricht. Éndjingipoen djam 9 andjog ing Milaan. Wonten ing Milaan mampir ningali Dom, Grédja marmer ageng ndjledag, misoewoer saénipoen, ngiras ndèrèk Mis. Bakda neda wonten ing hotel teroes njéngklak sepoer datang Chiasso, nglankoengi tlaga Lucarno, lan teroes andjog ing Zwitserland, minggah paredèn Alpen, nloesoeq trowongan katah sanget, ingkang pandjang pijambak St. Gothard (14900 M.), poeter giling minggah medak, nglankoengi tanah paredèn ingkang kebak saldjoë, redi padas, lèpèn tjeroeng kita lan doesoën saé-saé, ngantos tjengeng anggèn koela ngemataken. Kinten-kinten djam 10 daloe koela doemoegi ing Bazel. Saking Rome doemoegi Ba-

zel koela sarengan kalijan Rama bangsa priboemi saking Indija Ngadjeng, ingkang taksih sinaoe wonten ing Leuven. Saking Bazel koela kantoen pijambak, sakoepé ingkang ngenggèni koela pijambak. Poenika kaleresan sanget. Djalaran badan sajah, mripat arip. Koela ladjeng tileman sasampoenipoen klamboë katoetoe, lampoe kableretaken. Djam pitoë éndjing koela doemoegi ing Keulen ladjeng mandap perloe ndèrèk Mis wonten ing Dom ingkang kalok saénipoen. Bibar sarapan ngladjengaken lampah nglankoengi Aken, Valkenburg. Doemoegi Maastricht ngetok, ngantoeck, sajah nanging marem ing manah.

A. S.

PRADJA RAHAJOE.

SADÉ KALIJAN DAGANG.

Jèn koela gadah doewoeng poesaka tilaranipoen tjang sepoeh, ladjeng koela sadé, poenika panjadé koela ing sawantji-wantji kénging, boten mawi njoewoen idi Negari roemijin. Béda kalijan manawi koela sadé ladjeng toembas doewoeng ngantos katah ladjeng sadé malih, koela damel panggaotan, poenika kedah mawi kaoeningan Negari, awit poenika kagolong „dagang.”

Sebabipoen poenapa kedah koe-ningan ing Negari?

Sebabipoen toemrap Negari inggih poenika kénging dipoenpoendoeti paos, awit Negari poenika betah arta kanggé ambajari poengganwanipoen golongan B.B. Onderwijs, Landbouw lsp. Jèn boten moendoet paos, artanipoen saking poendi? Negari sampoen moendoet paos pasitèn lsp. nanging poenika dèrèng tjekap, mila dagangan toewin sadaja ingkang kénging kagolongaken ngrikoe inggih kapoendoetan paos. Ngedegaken pabrik poenika oegi kagolongaken dagang.

Prakawis pabrik, jèn badé ngedegaken kedah njoewoen idi, djalaran kedjawi badé dipoenpoendoeti paos, oegi wonten sebabipoen sanès, inggih poenika poenapa boten moeta-watosi.

Kados déné pabrik mertjon, poenika saged andjebloeg sarta ketatalanipoen inggih sampoen katah. Boten kénging nganggé chloraskalius, meksa nerak. Mila oepami ingkang kados makaten poenika boten mawi idin, ladjeng boten kantenkantenan.

Ngedegaken pabrik arak, poenika inggih boten kénging tanpa idin, djalaran jèn tjang angsal damel arak, tjatjahing tjang mendem saja katah. Kerep wonten tjang damel arak tanpa idin, kadamel wados. Inggih makaten poenika margi arak poenika katah ingkang karem, dados moeroegaken bati katah, nanging paosi-poen inggih katah. Mila jèn konangan, inggih ageng oekoemanipoen.

Wonten malih sebabipoen tjang dagang kedah mawi njoewoen idi, amargi ingkang dipoensadé waoe dados monopolonipoen Negari tegesipoen ingkang dagang barang waoe namoeng Negari oepaminipoen sarem; oetawi ingkang dipoensadé waoe barang patent tegesipoen oepami ingkang manggih poen Anoe, ladjeng poen Anoe waoe njoewoen idi datang Negari, soepados namoeng pijambakipoen tok ingkang kénging njadé.

Oepami Anoe saged damel deplo-njo modèl énggal. Poenika padjeng sanget. Poen Anoe njoewoen patent sarana deplo-njo waoe dipoenseokani merk oepami „Gemak.” Tijang sanès boten kénging niroe-niroe damel deplo-njo nganggé merk ingkang njamèni merk waoe. Dèrèng lami poenika ing Soerabaja wonten Tjina dipoen-gropjok, amargi sadé lisah wangi mawi merk patent, sanadjan lisahipoen wangi waoe boten wonten lisahipoen wangi, éwasamanten laris,

inggih amargi saking sampoen misoewoeripoen merk waoe. Mesti kémawon malsoe merk poenika oekoemanipoen awrat.

Nitik ingkang kaseboet ing nginggil poenika, tjang ingkang badé dagang kedah ngertos dateng angger-angger. Mila dagang poenika kedah dipoensinaoe dados boten kados tjang lotré.

„Jèn Kober.”

KOEROE SÉTRA.

SWARA INGGANG AWIS KAPIRENG.

Tamoe Indoe njarijosaken: Mr. Gandhi.

Kala dinten Minggöe 26-1-30, wantji djam 9 éndjing panjerat katamoean tjang Indoe, ingkang saweg 2 woelan ngadjawi, grijanipoen ing Koedoes; sedyanipoen nawèknawèkaken batoe - batoe, inten-inten enz. dateng doesoën-doesoën. Doemoegi wonten grija koela ngantos dangoe, nanging boten pepadjengan, namoeng koela tanggap kawontenanipoen: pergerakan ing Indoe, lan Gandhi pengandjoer kabangsan Indoesan, awit mastinipoen pijambakipoen, manawi njata nembé dateng saking ngrika, katah ngertosipoen dateng prakawis poenika. Wosing andaranipoen tamoe waoe, koela ringkes kémawon, mindak ngebak-ebaki papan, makaten:

I. Meester Gandhi, poenika sa-toenggiling tjang pinter, toer hartawan, nanging gesangipoen pasadja sanget, boten ngedir-ediraken, njata pembéla bangsa. Wonten ing vergadering-vergadering panganggènipoen limrah kémawon, poenapa malih wonten grija; inggih poenika: saroeangan, djas limrah, koeploekan, tanpa sepatoe, tjekak: kados panganggènipoen bangsanipoen ingkang mlarat-mlarat. Sadaja ingkang dipoenganggé damelan Indoe pijambak; pijambakipoen boten poeroen nganggé badé wedalan sanès nagari. Malah sadaja warganing pakempalanipoen Gandhi kaawisan nganggé ingkang sanès jasaning bangsanipoen. Sinten ingkang nerak awisanipoen, kandenda f 5.)

II. Margi saking wasis lan toeladipoen Mr. Gandhi, tjang-tjjang sami pitados, noeroet, sabaja pedjah dateng djempolanipoen. Mèh sadaja bangsa Indoe roekoën lan saijeg, ngroengkebi beleidipoen Manggala kaseboet. Warganipoen sadaja tjang Indoe: koeli-koeli, kaoem tani, prijantoe sadaja, boten wonten ingkang kalangoengan 2). Ing ngrika prijantoe pangrèh pradja sadaja toemoet nggeboer ing kalanganipoen Mr. Gandhi, boten kaawisan Negari. Pramila pergerakan Gandhikij, santosa gadah prabawa. Ing poendi-poendi damel vergadering kénging kémawon 3).

III. Saplok madegipoen pergerakan jasan Gandhi, ingrika tjang-tjjang ingkang soegih katah ingkang loentoer kawelasanipoen dateng bangsanipoen, poeroen dermakaken bandanipoen kanggé kaperloeaning

1) Wah kampi makaten poenika. Poenapa ing ngriki badé saged toemindak namoeng nganggé barang wedalan ngriki kémawon?

2) Roekoën? sokoer! Ananging kawoeningana: kabar saking Lahore 3 Januari makaten: wedal sapoenika wonten pasoealan malih ing ngatasipoen Indische Nationalisten margi saking boten roedjoekipoen, déné arbeidscommissie ingkang netepaken namoeng nationale congrès. Gandhi lan Nehroe ambenoë commissie boten mawi neda rembag dateng afgewatdigden. Mengsahipoen (ing-kang boten tjotjog) Gandhi lan Nehroe nedal soepados bagéjan alit (minderheden) oegi wontena ing comité. Kadjengipoen Gandhi lan Nehroe boten. Margi prakawis poenika boten wonten ingkang saged ngrigenaken, wonten tjang 48 ingkang nilar begadring.

3) Wah iba bingahipoen nationalisten. Ananging kabar saking Calcutta 13 Januari moenggel makaten: wonten Bandarilla (Bengalen) Gandhi boten angsal damel. Tijang 2) boten poeroen dipoenkèn ambangkang (boten mbangoen mitoroet). Openbare vergadering-vergadering toewin arak-arakan dipoenawisi. Pangandjoeripoen kaoem „Emoh ambajar padjag” dipoenkoendjara kadakwa badé medjahi toekang nariki paos.

bangsanipoen, oepami: kadamel ngragadi sekolahan-sekolahan kebangsan l.s.p, boten kados roemijin, tjang soegih-soegih namoeng manah badanipoen pijambak, namoeng ngréka daja indaking donjanipoen kémawon. Poenika tjatjad agéng toer-eraping bangsa; toedjoenipoen ing rika tjatjad waoe saja soeda. Katjarijos: ing rika wonten kadji soegih nama Salim, gadah baita kapal 99, kanti lilaning manah, njoekakaken artanipoen dateng pakempalan kabangsan sapantesipoen, sarta ndermakaken baitanipoen 5., kanggé bangsanipoen ingkang badé minggah kadji, tanpa mawi ragad setengah sèn.

IV. Kala tamoe Indoe badé bidal ngadjawi, dados ± 2 1/2 woelan manawi Mr. Gandhi sampoen tapi kasagahanipoen G. G. ing rika, jèn t. Indoe badé kamardikakaken, G. G. saweg kintoean serat dateng London, bokmanawi sapoenika sampoen tapi wangsoelan oetawi poetoësan 4).

V. Panjerat takèn bab: R. Tagore kados-poendi? Wangsoelanipoen R. Tagore boten saged poenapa-poenapa, tjekak: namoeng Gandhi sasakabatipoen ingkang dados pangalaman, dados bapa baboëning bangsa Indoe, samangké.

Wasana minangka panoetoeq; sanadjan ta oréan ing nginggil namoeng karna binandoeng bebasanipoen, ladjeng kawahjèng toelis, éwadéné kénging kita anggep tjabé lempoejang toemrap bangsa kita, toemoedjoe dateng gegémbong-gegémbong bangsa, kaoem hartawan ingkang egoistisch, prijantoe B. B. enz. sageda sajoek roekoën saéka praja ndjoendjoeng dradjading bangsa, sarana noelad lepiang ing nginggil ingkang pantes sinoedarsana saha mbéngkas pepalang ingkang malangi.

Poen: MANDRAWA.

MRIH RAHAJOE.

Tindakipoen Redactie (kersanipoen Redactie - Commissie, poenapa salah satoenggiling warga Redactie Commissie poenapa Hoofd Redacteur? Pantjer) katjeta ing Sw. Tm. no. 6 tanggal 7 Februari 1930, njoekakaken karanganipoen sadèrèk „dul Itoedia” dateng sadèrèk „Jèn Kober” sadèrèngipoen kapatjak ing Sw. Tm. soepados ladjeng dipoen-wangsoeli saged kaemot sareng, lan kalampahan makaten, poenika poenapa nama tindak ingkang oetami? Jèn tindak makaten poenika nama saé, inggih sampoen boten dados poenapa. Déné koela poen „Pantjer”, kami poeroen tjawé-tjawé prakawis poenika, djer Pantjer gadah gagasan makaten:

a. Tindakipoen Redactie ingkang makaten poenika poenapa boten kénging dipoen-gagapi atindak éwang-éwangen, nenoentoe tindak kirang adil?

b. Radactie prasaté mijak sandi nama, amargi déning nitik seratan tjang saged nggagapi wewatekan, kapinteran saha sekolahanipoen, langkoeng-langkoeng manawi poen „Jèn Kober” lan „dul Itoedia” noenggil sakita, sampoen tepang, margi makaten waoe saged nginten-inten sinten ingkang njerat, wasana nama mijak sandi nama.

4) Tjotjotjoëna kalijan pakabaran saking London 5 Januari: Lord Russel onderstaatssecretaris Indoesan ing salebetipoen pepanggihanipoen Labour-partij mahjaken kawontenan ing Indoesan. Boten wonten tjang ingkang ngertos kanti damang — makaten Lord Russel — kedjawi tjang Indoesan pijambak, bilih ngrembag kamardikan sapoenika dèrèng kepanggih ing nalar. Wedal sapoenika dominion-status kémawon boten badé toemindak.

Inggiris sampoen ngener dateng democratie. Oepami Indoesan dipoenetjoelaken, sanalika temtoe manggih bebaja. Labour-partij boten badé narimahaken, manawi dipoenalang-alangi kadjengipoen sarana poetoësan oetawi propoganda ingkang kirang nalar. Labour-partij ngemen-emenaken sanget dateng kamardikanipoen Indoesan, nanging dipoen-alang-alangi al Indisch congrès, ingkang mendet poetoësan tanpa nalar. Inggih makaten poenika para mitranipoen Indoesan ing Groot-Britannié ngetingalaken tjoe-waning manah. Red.

c. Nitik gampiling toemindak, karanganipoen „dul Itoedia” kasoe-kakaken dateng „Jèn Kober”, rak saged dipoen-gagapi bilih „Jèn Kober” noenggil kita oetawi papan kalijan Redactie; lah jèn „dul Itoedia” oegi noenggil kita, mangké gèk ladjeng èrèk sadjawining koran.

d. Jèn kirang titinipoen Hoofd Redacteur oetawi Redacteur saged damel gendra, djer jèn wonten kirang djoedjoering manah, karangan dipoenetjorèk, dipoenewahi saha saking djéngkèl dipoenowèk-owèk rak mblaëni.

e. Jèn „Pantjer” boten klintoe, kala taon 1925 sampoen naté kalampahan makaten: „panjaroewé kadjèdjèr lan tanggap sabda”, oegi ladjeng dados rèwèl, teka sapoenika dipoenembali malih. Inggih makaten waoe moegi dados panggalihan. Pantjer namoeng saloëgoe ndjagi mrih wilodjeng ing sadajanipoen.

Taklim koela: C. C. Si. Pantjer.

Wangsoelanipoen Redactie dateng gagasan:

a) Redactie anggènipoen nindakaken makaten boten saking éwang-éwangen, namoeng amboedjeng soepados énggal, oepami Swara-Tama poenika „dagblad” temtoenipoen ngentosadi sadinten kalih dinten: saged, sareng „serat minggon” kamannah radi dangoe. Redactie boten éwang-éwangen, djer oepami sadèrèk „dul Itoedia” mangsoeli inggih kapatjak. Redactie boten badé nemo-tokaken sinten ingkang leres sinten ingkang lepat, poenapa sad. „dul Itoedia” poenapa sad. „Jèn kober”. Para maos saged mastani pijambak.
 b) Ing ngriki Redactie sampoen andjagi soepados „Jèn Kober” boten ngertos sadèrèk „dul Itoedia” poenika sajektosipoen sinten. Saking seratan inggih boten saged, awit karangan dipoentip.

c) Nitik gampiling toemindak, tetéla jèn Redactie saged énggal pinanggih kalijan sadèrèk „Jèn Kober”, nanging boten tetéla, jèn Redactie toenggil sakita oetawi toenggil papan kalijan sad. „Jèn Kober.”

d) Kasinggihan pangandika pandjénangan, mila tindakipoen Redactie kanti titi, dados ingkang kados makaten poenika damel padatan (regel) toer mawi mawang kawontenanipoen ing ngrikoe.

e) Kala taon 1925 wonten rè-wèlan poenika amargi bokmanawi Redactie boten titi, boten ngèneti gagasan ing d.

Redactie saestoe jakin jèn panjaroewé kalijan tanggap sabda kadjè-djèr poenika jèn dados padatan pantjen kirang prajogi. Nanging manawi kadangkala njebal patokan (sasampoening katiti) kados inggih boten nama kléntoe. Éwasamanten Redactie matoe noewoen dateng sadèrèk „Pantjer” déné karsa élik-élik.

V A R I A.

AROEM DALOE, NING TENAN.

Sedija pajoeng, tapi djangan pajoeng Semplok.

Dempsey poenika awrating tangnanipoen sami kémawon. Namoe-wonten bédanipoen, poenapa kèpelan waoe dawah angsal poendak, poenapa dawah angsal pilinganing mangsahipoen. Saking roemias koela menawi angsal pilingan, kados kok langkoeng hang-gandjel raosipoen.

Mimising Kjai Germa poenika sami kémawon kaliberipoen. Nanging kados wonten bédanipoen, poenapa poen mimis waoe ngènging sirah sima, poenapa ngènging sirah menjawak. Mantoeck anggotong sima, kados Ki Germa langkoeng logro watoekipoen, tinimbang mantoeck namoeng ambekta menjawak.

Sedaja kasaénan poenika sami déné nama saénipoen. Namoe-wonten kènging kènging ingkang dipoensaèni poenika, asring boemi langit bédanipoen. Njaëni segawon

oetawi ketèk kados nona-nona Éropah poenika nama saé, nanging kasaénan waoe kanggé ngrimati laré kesrakat, kados langkoeng oetami tandjanipoen.

Jatra sasèn kanggé toembas oelam namoeng angsal satjoewil, nanging menawi sèn waoe katoembasaken gereh, sekoel kalih piring pandoegi saged pedot.

Nalika swargi Rama van Lith rawoeh angedjawi, poenika wonten ing salebeting galih sampoen ka-goengan peleng ingkang loehoer sanget. Saking Europa Rama kados-kados ngasta anggiring bal, bal waoe badé dipoenlebetaken wonten ing goelipoen tanah Djawi.

Ngèngeti mendak mendoekoeling papan, ngèmoeti soemoeking hawa Djawi, poenapadéné mirsa wawas, bilih wekdalipoen namoeng sekedik sanget, kirang gangsal menit malih sampoen badé kasemprit, ing ngriko Rama boten kekilapan. Doe moegi ing ngadjeng Bekipoen mengsah, bal kaendeg greg, namoeng boten ladjeng kagadoel dul mlebet goel, boten, rangoe-rangoe radi koe-watos, mbokmanawi bal badé „over de lat.”

Mirsa kiwa tengen woesana tjing, bal kagasak mawi effect, ngèngingi babagan.....Onderwijs roemijin. Saking ngriko saweg kémawon bal saged mlebet „met een schuine doch een sierlijke boog” wonten ing goelipoen mengsah. Tjara ngasta biljarten makaten ngèngingi bal no. 2 roemijin, ladjeng saweg kémawon saged ngèngingi bal no. 3 inggih bal ingkang dipoentoedjoe, ingkang dipoenpeleng.

Semanten inggiling meetkunde-nipoen Rama swargi, kanti ngèngeti hawa, papan toewin wekdalipoen.

Sapoenika Rama sampoen séda, ingkang salira sampoen soemaré tanpa daja, namoeng asma ingkang kantoen. Para poeta ingkang toehoe tresna dateng pandjenenganipoen, roemaos radi anggak menawi mireng asmaning Rama swargika-oetjapaken. Widjiling tresna roemaos éman éman nilar asmaning Rama, woesana asma dipoenkodak, tinarètès mawi praos emas, roema-soek nitis wonten ing.....van Lith Stichting, inggih jejasan ka-goenganipoen poeta sedaja.

Van Lith Stichting poenika ateges ngemot kepelipoen Dempsey, inggih ngemot mimisipoen Ki Germa, inggih kasaénanipoen para poeta, inggih jatra sasèn, inggih balipoen Rama swargi ing ngèngingi. Sisip pangga-djoelipoen, poen bal sisip toedjoe-nipoen, kepara malah ngèngingi sirahipoen penonton. Nanging menawi penggadjoel pendjenengan prajitna mlebetipoen bal dateng goel Djawi temtoe „onfeilbaar.” Mangka boten dangoe malih, bal-balan badé kasemprit.

Ing samangké para Rama-rama poenika kènging koela oepamékaken Doelverdediger, inggih poenika ingkang andjagi, sampoen ngantos partij kita saged kebetan bal saking mengsahipoen. Déné kita ingkang wadjib dados Voorwaresipoen, inggih ingkang wadjib anggiring bal, sageda nglebetaken bal waoe ing goeling mengsah. Tijang bal-balan poenika nama koentjara menawi boten kegoelan, nanging boten kegoelan tambah ngegoelaken, poenika namanipoen ladjeng „oer.” Mangké jèn partij kita „oer,” kita rak ladjeng saged mlebet Bonds-elftal, inggih Java-elftal. Poendi panggènanipoen Java-elftal makaten. Wonten ing Betawi.

Kita sapoenika sampoen gadah club bal-balan ingkang sampoen pantes sinawang, tegesipoen oeba rampé pepak. Soemangga koela ateri mriksani:

Voorzitter kita van Lith Stichting. Balhouder kita, toekang nambal oetawi moempa bal, Directeur van Lith Stichting. Doelverdediger kita Srimenarie (priesterfonds) Djokja. Voorwarsen kita P.P.K.D. (studiefonds). Kaptin kita Tamtama Dèwi Marjah. Toekang merband sarta andjetoeti jèn wonten ingkang kesljo, Roekti Woeri. Toekang klèbèt, Jeugdorganisatie. Déné toekang djagi limoen oetawi toekang ngeploki alias bangsa Koerawa, K. W.

Poenapa club kita namanipoen boten „flink uitgerust.”

Koetjwanipoen sekedik. Inggih sampoen nama dados limrahipoen, sedaja-sedaja poenika sok wonten tjatjadipoen. Emas poenika saé, tjatjadipoen sekedik, inggih poenika „awisipoen.” Club kita Doelverdediger-ipoen kampi, namoeng voorwarsen ingkang pajah. Mangka kirang sekedap malih bal-balan badé dipoensemprit.

Kas V. L. S. poenika badéja dipoenwolak-walik katahing arta inggih sami kémawon. Namoeng oepami voorwarsen (studiefonds) dipoenwalik kalijan Doelverdediger (priesterfonds), kados kok radi won-

ten kaotipoen. Pendjenengan koela ateri anggali, boten dangoe boten, namoeng sakedap-dap, boten katah boten, namoeng sakediiiiiek, ning tenan.

Poenapa pendjenengan sampoen kesoepeñ dateng satoenggiling voorwarsen agoeng, ingkang kerep kita bon, kita samboet. Inggih kerep „ngegoelaken, djer gadjoelanipoen ingkang „onhoudbaar” poenika. Sinten voorwarsen poenika. Dr. Smutzer ing Betawi. Poenapa pendjenengan saged nginten-nginten, sapinten reginipoen Dr. Smutzer waoe. Poenapa pandjenengan boten mak glong kétjalan prijagoeng poenika.

Soemangga sapoenika kados-poendi kersa pendjenengan. Voorwarsen (studiefonds) boten dipoenagengi inggih kènging, partij kita inggih wiloedjeng slamet, nanging pendjenengan boten badé saged klebet wonten ing Java-elftal. Sampoen boten Java-elftal, boten Provincie-elftal boten regenschaps-elftal, jak moendoer wae sisan papak garis.

Soemangga, woelan ngadjeng poenika ing Jodja badé wonten kongkroes P. P. K. D. Soemangga sami sareng njoeuon dateng Directeur-ipoen V. L. S., soepados voorwarsen kalijan Doelverdediger dipoenwalik, sabotenipoen inggih kadamel sami, ning nak pareng? Dados béndjang menawi 25 dangoenipoen dateng 30 taon engkas bal-balan badé kasemprit, kita sampoen saged mlebet wonten ing Java-elftal.

Lo, tinimbang namoeng dados penonton? Engko gèk malah moeng nonton wae oera oih, dioerak-oerak. Jak, apa ija nonton sing nonton wae, bèn dadi tontonan, ning tenan?

Mexico dul Itoedija.

SERAT KINTOENAN!!

(Katanggal ingkang njerat pijambak!!).

C. C. Solo ingkang landep pang-gandanipoen, awas mripatipoen, roemaos boten saged nahan manahipoen, kapeksa kawedal djer wonten lələmpahan ingkang nama déde samestiniipoen i. p. kala dinten Setoe sonten tg. 15-2-30 ing sawingkinging pamoelangan angka II Balapan wonten tijang nama „Pasemito” kabekta ing wèrek A. D. E. K. Kodjoering poen werk „Pasemito” waoe boten poeroen kabekta dateng Deli, neda kawangsoelaken dateng Wonogiri. Poen abdnina A. D. E. K. noenten bramantja, moering-moering; nglabrag kanti ngeongeloengelaken poen Pasemito kaseboet nginggil, (wong désa pakanané gaplek, digolekake pagawéjan nganggo kléwa-kléwa). malahan boten dangoe tampi persèn „tempiling”. Kalerasan nalika samanten sadèrèk Soehoed leider J. P. O. saweg wonten ing ngriko, ladjeng mitoeloengi satjekapipoen; malah ladjeng dipoenteraken dateng panggènaning sadèrèkipoen „Pasemito” kaseboet nginggil!!

Hm. Hm. goemoen koela, déné djaman „tata” kados makaten, kok wonten manoengsa ingkang atindak kados makaten!! Kalijan malih roemijin nalika mètek poen Pasemito waoe poenapa boten kateranganing jèn badé kabekta dateng „Deli”??? Koela nginten dèrèng, tandanipoen sareng badé kaangkaken „mopo”, mbokmanawi poeroenipoen kala roemijin rak namoeng kèloe temboeng manis kémawon!! Poenapa boten makaten. mBok sadèrèngipoen toemindak dipoenatos-atos saèstoe, sampoen ngantos wonten kawontenan ingkang kados makaten malih! Moegi-moegi babagan poenika dados panggalihanipoen nagari ingkang nedyo memoelih pitadosing kawoela dateng pamaréntah. Pamaréntah jasa „Arbeidsinspectie” poenika sanjata loehoer sanget. Moegi-moegi pamaréntah oegi sampoen talompé manggalih lan ndjagi soepados para abdnina A. D. E. K. sami nindakaken „wervingsordonnantie” ingkang sajktos; djer jèn tansah wonten lelempahan kados makaten; badé adamel birabing manahipoen kawoela alit!!

Moegi-moegi para abdi? A. D. E. K. oegi nindakna manoen pepatjaking negari ingkang samestiniipoen; sampoen ngantos namoeng noeroeti „hardaning” manah kémawon!!

Wasana koela pitados kanti sanget, bilih Pamaréntah toewin A. D. E. K. badé mirengaken rembag koela poenika waoel ki-Raka Redactie, njoeuon lembaran Sw. Tm. moegi kakintoena dateng ingkang Gouverneur Solo, toewin A. D. E. K. Solo oegi. *)

Wasana sadèrèng sasampoenipoen matoer noewoen.

Saking koela abdnina C. C. Solo ingkang ngabdai dateng kamanoengsan lan kaadilan!!

C. C. Solo.
HERCULES.

*) Prajogi. Red.

OPVOEDING.

PANGLIMBANG.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 3.

Goeroe tjontoning pangatos-atos, kedah tresna dateng pangkatipoen, kedah seneng dateng padamelanipoen, kedah kebak pamengko toemrap moerid-moerid, kedah émoet dateng tembé wingkingipoen.

Boten wonten awon saha kapi-toenipoen manawi goeroe ngarah-arah ing sadaja tindak-tandoe lan pamitjaranipoen. Manawi saèstoe gadah pandjanga moerih rahajoenipoen laré-laré, temtoe boten badé agé-agé andawahaken lelerasan ing bab prakawis ingkang kedah dipoenmanah roemijin, oetawi godjag-gadjeg ing bab ingkang toemoenten kedah dipoenpoetoesi; boten badé poeroen nglirwakaken pandamelan, kesèd, sembrana, gadah semoe boten ngandelan, kesangeten anggenipoen amboedjeng kasenanganipoen pijambak.

Goeroe ingkang poeroen manah-manah tamtoe boten kirang wéwéka, amékani ingkang angèl-angèl. Tegesipoen poenapa ingkang dipoenwoelangaken boten kinggilen oetawi kegampilen, ngèmoeti enèm se-poehing laré lan gampil-angèlipoen piwoelang, kadjawi poenika saé tjaranipoen nampékaken pangadjaran, ing temboeng Walandi kasebat methodisch sarta geleidelijk.

Sadaja tindak ingkang maton lan adjeg poenika salah satoenggaling tanda pangatos-atos. Sampoen bangsa kamokalan, sagedipoen dipoenenoet ing laré, manawi tindakipoen kirang maton lan ing bab ingkang saé boten saged adjeg. Prajogi sanget ing wiwitan poenika ngoedi sagedipoen angsal prabawa, sarana andjagi kalijan saèstoe-saèstoenipoen sadaja ingkang dipoenlampahi. Manawi saking kawitan sakatahing prakawis ingkang angèl oetawi katingalipoen megahaken dipoenwékari, saha sadaja² kadjagi adjegipoen saé.

VAN LITH-STICHTING.

Arta pandjenengan
100 cent
ingkang dipoen-
oeroenaken dateng
V. L. S.
n a m o e n g
1 cent.

Pangrèh V. L. S.

Bijz. H. I. S. MAGELANG.

oendoer-oendoeranipoen inggih kanggé goeroe inggih kanggé moerid-moerid katah sakétjanipoen. Ratjakipoen laré ingkang boten seneng sekolah, poenika ing sakawit saking boten ketoedjoe pikadjenanipoen. Awit ing saèstoenipoen boten wonten laré ingkang pikadjenanipoen andjarag dateng ingkang boten leres nemaha damel kasangsaranipoen pijambak. Milanipoen kanggénipoen goeroe boten wonten awonipoen, kala-kala madosi djalar-djalaranipoen ingkang moeroegaken laré adrijih sakalah, oetawi seneng mlintjoer. Sadaja réka ingkang moeroegaken sakétjaning toemindakipoen piwoelang poenika toemandoekipoen dateng laré temtoe nenarik manah.

Tijang moelang, nampékaken pangadjaran dateng laré poenika kedah soewidji gagasanipoen, tegesipoen, nalikanipoen nindakaken pandamelan waoe, boten manah ngrika-ngrika, boten ngrembag prakawis sanès, ingkang pantjèn boten gatoek kalijan woelangan.

Toemindakipoen piwoelang prajogi boten diwasa-wasa, boten dipoen-djoedjoe, ngantos kanggénipoen moerid boten kober ngleremaken. Inggih kedah dipoen-gatosaken saèstoe, piwoelang bab-bab ingkang dados betahipoen ngagesang, ingkang kènging kanggé gondélan ngeopados panggoepadjiwa. Poenika ingkang kedah kaeddi saèstoe moerih dipoensagedi ing laré-laré.

Sadaja piwoelang poenika tamtoe wonten pipiritanipoen kanggé noentoen dateng ingkang saé lan njing-kiri ingkang kirang prajogi: woelang basa, njerat aloes, anggambur, étang, woelangan tembang, poenika kènging kanggé nggoegag dateng kasaénan sarta njantosakaken pikadjenan.

Sampoen moenggoeh sanget tijang dados goeroe poenika sasaged-sagedipoen gadah pangodi moerih saged mitjara, manawi tetemboenganipoen sakétja dipoenmirengaken,

KAPARANJATA.

Ing Sw. Tm. no. 4 sadèrèk „Jèn Kober” mriani bangsa Indonesia, bok bilih ing tembé badé kompèren, manawi pandèrsipoen karèt boten kadamel tjara énggal, ingkang saged medal langkoeng saking 100%. Makaten poenika kedah dados panggalihanipoen ingkang wadjib noeloengi bangsa Indonesia. Sebab saking panginten koela, badénipoen bandjir karèt poenika boten namoeng damel toeninipoen ingkang ahli nanem karèt kémawon, ananging tijang saèng inggih saged oegi toemoet ngrekaos; poenika langkoeng wigatos. Makaten poenika kapara njata, manawi niling-nilingaken pakabaran ingkang sangkoetan kalijan katahing karèt ing wedal sapoenika. Oepaminipoen ngèngeti ingkang njamboet-damel ing kebon karèt kémawon sapoenika kados-poendi? Tanah sabrang ing taon kapengker rembag bab koeli kontrak boten patos penting kados ingkang sampoen-sampoen margi saking reginipoen karèt medak katah sanget, mangka pamedalipoen taksih adjeg, malah saja mindak; taon 1928 wonten 140, 928 ton, taon 1929 wonten 156, 149 ton. Inggih makaten poenika onderneming ladjeng boten saged ngajati kebon karèt énggal; ing kebon lami, ingkang sampoen sami andèrès panjamboet-damelipoen boten sengkote. Ing taon

1929 emigratie dateng tanah sabrang tijang djaler 13, 000, tijang èstri 5, 200; dateng Suriname tijang kontrak 807; dateng djadjaran Inggris 120; dateng Nieuw Calendoniè 285. Taon poenika bokmanawi badé langkoeng sakedik. Malah wonten kabar, bilih ing woelan Mei ngadjeng poenika karèt badé dipoenkèndeli pandèrsipoen. Ananging poenapa poenika saged damel éwahing reginipoen karèt (kainggahaken) dèrèng saged nemtokaken.

Gegajotan kalijan badé ngèndeli pandèrsipoen karèt, tw. Marinus, ingkang dados oetoesanipoen rubberplanters ing nagari Welandi, béndjang tanggal 7 woelan Maart saking Marseille dateng tanah Indonesia. Tw. Marinus kapoerih ngrembag sagedipoen tijang Indonesia ing woelan Mei poeroena toemoet ngèndeli pandèrsipoen karètipoen. Kanggé lelayan makaten poenika pamaréntah badé dipoenswoeni pitoe-loengan.

Saepami poenika badé kelampahan saèstoe, kados-poendi polahipoen tijang Indonesia, ingkang gadah kebon karèt? Badé dados panggoepadjiwa poenapa? Poenapa badé kèndel kémawon, ngentos béndjang-béndjang? Ta rak boten gampil; tjobi dipoentositi.

B. T.

pangerèhing laré tamtoe inggih kanti gampil, awit ingkang makaten waoe tamtoe anggènging manah. Goeroe ingkang boten ngoedi soepados gampil anggènipoen nglahirakan gagasan, poenika toena, awit salebetipoen moelang manawi makaten boten gampil mikat manahipoen laré. Ananging kosok-wangsoelipoen inggih kedah dipoenmoeti. Manawi mewah-mewahi oetawo amboemboni prakawis ingkang kasebabaken saking sagedipoen mitjara, poenika oegi saged lepat.

Prakawis goeroe kedah ngoedi sagedipoen mitjara poenika sampoen tjeta, éwasamanten inggih kedah émoet anggènipoen ngempakaken pamitjaranipoen. Manawi preloe gineman, inggih kedah satjeta-tjetanipoen anggènipoen medar ginem. Kosok-wangsoelipoen jèn ngleresi kedah kendel, inggih kedah saged tapa mbisoe. Kadjawi poenika ingkang inggih kedah dados gagasan, inggih poenika sagedipoen anggoegah laré soepados medal ginemipoen ing mangsanipoen kedah gineman, sarta adamel antengipoen samangsa kedah mirengaken poenapa ingkang kawedal. Ginem ingkang mapan poenika toemanemipoen dateng laré saèstoe, awit saking poenika, angèl itjalipoen, sarta wohipoen badé moerakabi dateng ingkang sami mireng.

Tijang ingkang ngekahi kaantep-anipoen klintoe, ngengkoki leresipoen pijambak, sarta kirang panggoediniipoen anggènipoen ngitjali adat-padatan ingkang kirang prajogi, poenika saged ageng piawonipoen, awit ing atasing goeroe, poenika saged damel kasaripoen laré pinten-pinten.

Manawi ngèmoeti goeroe poenika dipoenpitados ing ngakah, tanah wotah rahipoen mratjajakaken tjangipoen, nagari masrahaken kawoelanipoen, inggih sampoen saleresipoen manawi pakarjanipoen katindakaken kanti ngatos-atos. Sampoen samestiniipoen manawi oegi kedah njinaoe watak² beoedèn sarta tekoniipoen laré-laré dalah lagoe-lagéjanipoen. Mila njata pandamelaning goeroe boten namoeng mandeg wonten moelang-moeroek, oegi kedah noentoen.

Manawi sampoen mangertos sapinten kapinteraning moerid, sampoen nimbang-nimbang awrat-èntènging piwoelang, inggih boten badé toena doengkap anggènipoen matawis, sapinten ingkang dipoendjèrèng, sapinten ingkang kedah katampi ing moerid. Piwoelang ingkang kangèlan oetawi kinggilen, boten namoeng rendet lampahipoen, ananging toemindakipoen inggih rekaos wonten manah. Sinten ingkang kepéngin sakétja kedah boten adrijih rekaos, tegesipoen boten wegah damel rantjaning boten wegah ninitèni satoenggaling moerid.

Poeroen ngèmoeti prakawis-prakawis ingkang sampoen katindakaken poenika nama boten nilar pangatos-atos. Sakatahing prakawis ingkang badé kelampahan poenika boten katah gèshipoen kalijan poenapa-poenapa ingkang sampoen kapengker. Mila prajogi sanget tijang poenika nepakaken badanipoen pijambak dateng prakawis oetawi klampahan ingkang tinemah ing tijang sanès. Inggih saé lan ingkang awon manawi dipoenpènggeti minangka tepa-paloepi oetawi pangilon, saged dados antjer-antjer ing sakatahing tindak-tandoe.

Salah satoenggaling tanda jekti manawi ngatos-atos, poenika pamboedi daja sagedipoen njomerepi poenapa ingkang kedah dipoenlampahi, kados-poendi anggènipoen ngejtjakaken, ing wekdal poenapa, sarta poenapa kabetahanipoen moerih saé wasananipoen. Inggih poenika goeroe kedah saged nanggoh betahing satoenggaling-ladje laré, kados-poendi anggènipoen ngladosi gandèngipoen kalijan wawatekanipoen. Panjepenging laré boten kènging sasekétjanipoen, tegesipoen oeger toemindak. Pangalem sarta panatjad kedah mapan, liripoen pados wekdal ingkang prajogi, sarta boten ngiwakaken srana-srana ingkang badé saged anggapilaken tindak. Mila njata sanget laré saklas poenika boten sami, boten ratjak, ingkang poenika anggènipoen ngladosi inggih kedah dipoenbéda-béda. Inggih satoenggaling betah dipoenkerasi, sanèsipoen kedah dipoenalem moerih mèmèngipoen, sanèsipoen malih boten kènging dipoenalem, awit padatanipoen manawi dipoensoekani manah ladjeng sembrana, lan sanès-sanèsipoen. Pandjagi lan pangatos-atos poenika ingkang soeka antjer-antjer menggahing prajoginipoen tindak. Sagedipoen ngertos widjang prakawis poenika, kedah niti priksa roemijin kanti terang, makaten oegi ing ngatasing piwoelang. Manawi dipoenrantjang roemijin, temtoe soemerep, poendi ingkang angèl, poendi ingkang gampil, poendi ingkang perloe, poendi ingkang kedah karoemijinaken soepados oeroet; awit ingkang roemijin saged andjalari terangipoen ingkang kantoen, oetawi ingkang kantoen saged dados paseksènipoen kanjatananing ingkang roemijin. Manawi sadèrèngipoen dipoenetjakaken piwoelangoen dipoenrakit-rakit roemijin, tamtoe boten gampil wontenipoen lepatang panampi, ngantos klintoe pangertosipoen. Kosok-wangsoelipoen manawi boten damel rantjaning, ing mangka ngrembag prakawis ingkang dèrèng naté dipoen-gagas pandjang, tamtoe toemindak kirang saé, awit namoeng manoen toekoeling gagasan sakala ingkang dèrèng kantenan kènging dipoenantepi.

Kados-poendi sagedipoen gampil dipoengertositi ing moerid, boten damel bingoaeng, manawi anggènipoen moelang namoeng oeger toemindak, dèrèng tjeta menggah nering piwoelang, malah-malah pangertosipoen pijambak ing prakawis poenika kènging dipoenwastani namoeng dawah tengah. Moerih sampoen ngantos boten dipoenpredoeli ing moerid, sadaja andaranipoen kagatosaken, kedah ngarah-arah ing bab tandang-tandoe sarta temboeng saketjap. Menggahing moerid goeroe poenika kedah katingal bregas, tandang-tandoe sambada, sampoen ngantos minggrang-minggring ginemipoen mbolak-mbalik. Inggih makaten waoe saged ngitjalaken kapratjajan.

Inggih leres wonten goeroe ingkang tanpa damel rantjaning, éwasamanten saged moelang saé toer toemandja, ingkang makaten poenika kabekta saking sampoen dangoe anggènipoen nindakaken pandamelan, dados sadaja-sadaja prasasat sampoen apil.

(badé kasambet).

O E R A P - S A R I

KABAR KATHOLIEK.

Dokter R. Valentinus Soedjita Dwidja Atmadja.

Redacteur kita sadèrèk A.S. Dwidjaraja, pikantok pawartos kawrat wonten ing tilgram saking Mr. Cornelis tanggal 22/2 '30 soeraosipoen njariosaken bilih R. V. Soedjita Dwidja Atmadja sampoen tamat pasinaonipoen dokter Dados pandjenenganipoen poenika laré wédalan sakolahan Missie ingkang sesipanan dados dokter.

Roemijita R. Soedjita Dwidja Atmadja poenika sakolah wonten angka kalih Mendoet ladjeng dateng H. I. S. Moentilan. Saking ngrikoe melebet dateng Kweekschool Moentilan, ladjeng dateng Stovia poenika. Wiwit wonten pamoelangan andap doemoginipoen Stovia dokter Soedjita dèrèng naté boten minggah. Mila inggih boten anggoemoenaken déné manawi tanpa sambékala satoenggah poenapa, dokter Soedjita badé neroesaken pasinaonipoen dateng nagari Walandi.

Koela poepoedji moegi dokter Soedjita waoe ing bédjeng moerakabi dateng pergerakan kita Katholiek Djawi. Moegi dokter moeda ingkang wiyit pamoelangan andap katingal montjèripoan poenika, ing bédjeng karsa tandang damel wonten ing pakempalan - pakempalan Katholiek.

Wasana Redactie Swara Tama ngatoeraken pambagja wiloedjeng dateng dokter Soedjita, sakolahan angka kalih Mendoet, H. I. S. lan Kweekschool Moentilan. Semanten oegi dateng A. Dwidja Atmadja goeroe Kweekschool Mendoet, ingkang kala roemijita naté dados ti-jangipoen Sw. T., Redactie ngatoeraken basa basoeiki!

Tilas Hoofdredacteur Sw. T. Serat partikelir saking pandjenenganipoen P. Hardjasoewanda tilas Hoofdredacteur Sw. T., katitimgansan Maastricht 26/1 '30, ingkang dateng koela, njariosakan mentas sakit saminggoe, ndadak mawi dipoenpedjahi satengah barang. Wadjanipoen dipoenpètéki satoenggah.

Gerahipoen poenapa, ing serat ngrikoe boten kapratèlakaken tjeta. Sokoe déné sampoen dangan! Serat waoe njariosaken oegi, ing tengah-tengahaning woelan Februari poenika jèn tanpa aral pandjenenganipoen kadawoehan sosorah wonten schouwburg, bokmanawi kémanon bab pabrik lan onderwijs ing Indonésiah ngrikoi Manawi saged kalampahan saestoe, dados toemoet - toemoet ngindakaken pangertosipoen tiyang Walandi dateng kawontenan Indonésiah, (A. S. D.).

Kardinal séda. Rome, 23 Febr. Aneta Reuter. Kangdjeng Kardinal Perosi sasampoenipun kaketok sampjaniipoen, séda. Sapoenika Kardinal bangsa Itali taksih 28, Kardinal dédé bangsa Itali 33.

KABAR O E M O E M

INDONESIA.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Segawon édan. Bestuur Ngajogjakarta tapi pawartos bilih segawon ingkang roemijin njokot tiyang èstri ing Koelan Praga, katitik manawi édan. Margi makaten waoe honds-dolheidsordonaantie ladjeng katindakaken kanggé salebetipoen kawan woelan.

Internaat kanggé sadaja bangsa. Kala 20-2-'30 ing gedong Ams saking ada-adanipoen dr. J. Postma lan Ir. G. A. Prentice goeroe Ams, lss. ing gedong Ams wonten papang-gihan angrembag adeging pakempalan ngadegaken internaat kanggé sadaja bangsa, wonten Ngajogja. Pandjenenganipoen K.P.A.A. Pakoe Alam, Resident Westra inggih andjengni . . . Sasampoenipun karem-bag pandjang, pakempalan kaadegaken. Pangrèhipoan: dr. J. Postma, Ir. Prentice, K. P. A. A. Pakoe Alam, R. M. Soerja Atmadja (regent-patih Pakoelalaman), Pangéran Djajakoeseoma, dr. Sie toewan Hubbeling lan Noorduyin).

Ambachtsschool Ngajogja. Toewan E. J. Schutte ingkang sapoenika wangsuel saking perlop, lan roemijin dados dirèktoering pamoelangan waoe, kaangkat malih dados dirèktoer wonten pamoelangan kaseboet nginggil.

KABAR SAKING SOLO.

1. Tampi besluit . . . ! R. Soegita alias Gita Poespa Asmara kala tg. 10 December 1929

Kath. Universiteit ing Milaan.

Ing salebetipoen taoen kapengker pamoelangan loehoer ing Milaan gadah student 900. Student ingkang 256 njinaoe kawroeh pangadilan lan radja niti, ingkang 200 njinaoe filosofhi lan kasoesastran, 344 dados namoeng mirengaken kémawon (toehoorders), lss. Donateursipoen pamoelangan loehoer waoe kapétang sampoen 70.400. Pamoelangan loehoer poenika gadah poestaka warti ingkang sasambetan kalijan gotrah Katholiek, anam *Vita e Pensiero*.

Roeslan njadé lontjèng - lontjèng Grédja.

Politiek - programipoen Roeslan poenika kénging kapérag dados kalih. 1. Sasaged-sagedipoen ngangkah sageda pikantok arta batatèn katah sarana ngindaki wedaling dadagangan warni-warni (inggih sanadyan ing tanahipoen pijabak patjeklik, kasrakat, boten dipoenpredoeli, tarwe gandoem-gandoem dipoenasadèni kémawon dateng mantja-nagari.) 2. Angangkah saestoe itjaling Agami saking tanah Sovjet, djer broewang Roeslan sami jakin, sok oegi ing ngrikoe taksih wonten Agami, boten badé ngelmoe komisni saged djaja djoeritipoen.

Manawi manahipoen tiyang sampoen boten wonten amet-ambetipoen Agami, poenika bolsjewisme saweg tetep dawah oenggoel. Margi makaten waoe, Grédja pinten-pinten Grédja dipoenpètéki, dipoenaken dados darbékng Nagari. Malah, sapoenikanipoen sampoen wonten actie toemandok dateng lontjèng Grédja.

Nembé poenika Roeslan sampoen wiyit njadé lontjèng Grédja ingkang sapisanan, kakintoenaken saking Moskou medal sepoer dateng Hamburg. Saking Hamburg kabeta baita dateng Parangkakik.

Retja I. S. Kg. S. R. Pius XI.

Ing Desio, doesoan kawidjilani-poen Kg. S. R. Pius XI badé dipoenedegti retja pepetan dalem Kg. S. Rama Pius XI. Retja waoe ingkang kadamel proenggoe: soekoeni-poen séla. Woedjoeding retja, ngarsa dalem nglenggahi dampar Vatican paring barkah para Katholiek. Inggiling retja kémawon 3,25 meter. Retja waoe dipoenobengi pantjoeran sakawan, minangka pralambaning adil, kakijatan, boedi lan mawi oekoeran (rechtvaardigheid, kracht verstand, matigheid). Kadjawi poenika wonten retjanipoen Malaékat ngoemboelaken Wapen Vatican.

Retja waoe mawi rinengga pepetan alit moedjoedakeu Sampéjan dalem paring barkah kala 22 Feb. 1922, wonten tengah-tengahipoen St. Pieter. Kadjawi poenika tjalon rinengga malih mawi pepetan alit moedjoedaken resembaganipoen ngarsa dalem kalijan praboe Victor Emanuel.

Panggarapipoen sapoenika sampoen meh rampoeng.

tampi besluit saking Departement van Onderwijs en Eeredienst, sampoen kaakenan dados R. K. hulpleeraar wonten ing laladan Gouver-nement Soerakarta, kadosdéné pamoendoet dalem Kg. Bisschop ing Betawi!!

Dados sad. waoe kénging moelang agami wonten ing laladan Soerakarta. Nanging kabatipoen ingkang mbar-jar namoeng Missie tok! Boten ang-sal subsidie saking Goepermèn.

2. Morgenster . . .

Jèn tanpa alangan „Morgenster“ sawatawis wekdal engkas, badé damel uitvoering, mendet lampahan „Adjisaka“ toewin badé ngawontenaken „fancij fair.“ Kaontoenggan dèrèng saged ngatoeraken badé kandjajakaken kados-poendi!!

Leve - Morgenster!!
Leve de Katholieke Padvinders!!

3. Ijsoorlog . . . ??

Ing wekdal mangké ramé sanget concurrentieng ijs wedalan Petadja, Sie Dhian Ho, lan ijs saking Soerabaja. Waoenipoen ijs 1 poen regi 3 1/2 sèn, sapoenika 1 sèn kémanon . . . ?? Malah Sie Dhian Ho badé ngedjori „graties.“ Wah, mila „publiek“ ingkang oentoeng!! Mangka wonten kabar jèn „Tan Bian Djoen“ oegi badé damel pabrik ijs, manggèn ing Tjakranegaran. Lha, concurrentie rak saja. . . ??

C. C. Solo Hercules.

Kabar saking Solo!

Nembé poenika ng Ngajogjakarta wonten aanvullingsexamen! Sadèrèk Katholiek Solo ingkang kaptampi examenipoen wonten kalih i.p. Br. Thimotheus Mardji lan sadèrèk C. H. Soebrata sami déné ngastha wonten ing R. K. H. I. S. Poerbajan.

C. C. Solo kaparenga ngatoer-aken P. f.

C. C. Solo H.

Awisan misoeh ing salebetipoen militèr.

Minister Deckers angedalaken dawoeh soeraosipoen amantos-mantos soepados ing kalangan militèr langkoeng anggènipoen angemenaken papatjak bab boten kénging misoeh.

Politiek njakit???

Hoofdkantoorchef kantor pos ing Bandoeng toewan la Fosse, ingkang wiyit kapriksa prakawisipoen kadakwa mérak, wiyit tanggal 22 Feb. poenika neda perlop sakit. (Sakit saestoe poenapa njakit?? Red.)

Pogokan koeli ing Magelang.

Ing Firma van Oort toko sepatoe ing Magelang salebetipoen minggoe kapengker wonten pogokan koeli-koeli. Ingkang mogok waoe (10) wonten ingkang anggènipoen njamboet damel dateng toko ngrika sampoen 27 taoen. Déné sababipoen sami mogok, margi neda voorschot kanggé bakdan boten angsal.

Njalngkoehaken arta f 10.000.

A. M. C. Kamakers van Praag, assistent boekhouder Ned. Ind. Gas My Gemblong Soerabaja, konangan anggènipoen njalingkoehaken arta. Ingkang sampoen tjeta kémawon f 10.000. Walandi nénéman oemoer 25 taoen poenika waoe, sampoen ngaken.

Ambachtsschool énggal.

Woelan Djoeli ngadjeng poenika ing Loemadjang badé dipoenedegti pamoelangan Ambachtsschool.

Kongsi-kongsi énggal.

Javasse Courant martosaken adegipoen kongsi-kongsi ing ngandap poenika:

1. N. V. Handels My Kwang Wo, Medan, pawitanipoen f 100.000 kabagi 20 aandeel ä f 5000.
2. N. V. Generaal „Isuransie Company“ The Sunand Dragan ing Betawi, pawitanipoen f 100.000 kabagi 100 aandeel ä f 1000.
3. N. V. Pabrik gelas Hand. My Ing Tjeng Betawi pawitan f 50.000 kabagi 5000 aandeel ä f 10.

Bangsa Djepang nglebeti Rechts-hoogeschool.

Tetijang Djepang ing Soerabaja pikantok pawartos bilih Encyclopedisch Bureau ing goepermèn Formosa, angintoenaken toewan Iwazo Shioya dateng tanah Djawi kapoe-rih sinaoe wonten R. H. S. Nénéman poenika wedalan Handelshoog-school Taihoku, lan pangkatipoen saking ngrika kala 19 Djanowari. Dados jèn temen, toewan Shioya poenika waoe bangsa mantja (sanèsipoen Walandi) ingkang sapisanan sinaoe wonten R.H.S. gadahanipoen paréntah Walandi. (Soer. Hblid.)

Koeli dipoenpépe.

Ing onderneming Blangkahan (Medan) wonten koeli kalepatan ladjeng kaoekoem. Kados-poendi pangkoemipoen? Koeli waoe kapoe-rih nglila ladjeng kapépe wonten bentéran wiyit djam nem éndjing doemogei djam sawelas sijang. (Hemmmmm Red.) Tiyang ingkang nika waoe boten dipoen-ekoem boten barang, namoeng kapotjot kémawon.

Betawi - Singapoera.

Wiyit tanggal 4 Maart poenika K. N. I. L. M. saminggoe sapisan nglampahaken motoripoen maboer saking Betawi dateng Singapoera lan kosok-wangsoelipoen.

Djaming lampahipoen, kanggé sawatawis wekdal katetepaken makaten:

Saking Betawi mangkat dinten Selasa djam 7; doemogei Palémbang djam 10.30. Saking Palémbang pangkatipoen djam 11, doemogei Singapoera djam 2.10.

Wangsoel saking Singapoera dinten Rebo djam 7 éndjing doemogei Palémbang djam 10.20; saking ngrikoe pangkatippen djam 10.50 doemogei Betawi djam 2.50. (Djam-djam ing nginggil poenika manoeet wekdal ing papanipoen pijabak-pijambak).

Koersoes-koersoes ing salebeting Maleman.

Kados ing taoen-taen ingkang kapengker, K.G.P.A. Mangkoe Negara salebetipoen Maleman (Maleman Feesten) ing woelan Sijam, angarsakaken wontening sosorah-sosorah manggèn ing pendapi Prangwedanan - Mangkoenagaran. Koersoes-koersoes poenika waoe dipoen-djenengi K. G. P. A. A. Mangkoe Negara kalijan G. K. Ratoe Timoer, para sentana, saha prijantoen - prijantoen ageng sakalijan. Rembag ingkang kasosorahaken ing ngrikoe

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KEMADJENGAN ONDERWIJS ING INDONESIA.

(Angsal - angsal saking konggrès P. G. H. B.).

Para prijantoen!

Doemoginipoen dinten poenika, swasana ingkang nglimpoeti djagad Indonesia teksih keder déning konggrèsipoen P. G. H. B.

Pandjenengan sadaja ingkang andjengni konggrès waoe, taksih lam-lamen kèngetan poenapa ingkang kawedar ing salebeting konggrès.

Toemrap Patjar Mérah, saprakawis, ingkang tansah dipoenget-èngget doemogei titi-mangsa poenika. Prakawis ingkang poendi?

Nalika angrembag loemintiripoen onderwijs dateng locale raden, pandjenenganipoen Hoofd Schoolop-zienner ing Ngajogjakarta, R. Soerasoeganda, angandaraken madjengipoen bangsa kita njakolahaken anakipoen.

Tjatjahing laré ingkang mlebet wonten sakolahan doesoan lan angka kalih tansah mindak-mindak kémanon. Indakipoen waoe saben gang-sal taoen dados tikel kalih.

Mangga, angka-angka ing ngandap poenika pandjenengan setitèk-aken:

- | | | |
|------------|-------------------------------|------------|
| taoen 1900 | tjatjahing moerid waoe wonten | 98.500. |
| 1905 | sampoen dados | 182.000. |
| 1910 | sampoen dados | 336.000. |
| 1915 | sampoen dados | 638.000. |
| 1920 | sampoen dados | 778.000. |
| 1925 | sampoen dados | 1.200.000. |

Poenika, prijantoen kemadjenanipoen! Angka - angka ing nginggil poenika namoeng kapendet wetahipoen. Dados bokmanawi inggih saged langkoeng saking semanten.

Angka-angka ing nginggil poenika, paseksèn moersid, bilih bangsa kita mila madjeng dateng pasinaon. Golongan ingkang sok moeng „In-landers doeroeng dojan onderwijs“, menawi soemerep angka ing nginggil, mesti ketjelik.

Manawi kamanah kalijan tjatjah djiwa ing ngrikoi, indaking laré-laré waoe makaten:

taoen '20 saben djiwa 65, wonten moeridipoen 1;
taoen '27 saben djiwa 35, wonten moeridipoen 1;

Poenapa makaten poenika boten nama madjeng??

Nitik angka - angka ing nginggil, sok tiyang saged anetepaken: „wong Indonesia pantjèn madjoe njang sakolahan.“ Nanging poenapa kamadjenan samanten poenika sampoen nama tjekap? Pamedar sabda R. Soerasoeganda nanding kamadjenan onderwijs ing ngrikoi kalijan nagari Sijem, makaten:

tanah Indonesia: 3% (saben djiwa

satoes wonten moerid 3);

tanah Sijem 6 1/4% Ing nagari sanèsipoen, ingkang sampoen wonten leerplicht, presenan poenika waoe wonten ingkang ngantos doemogei 16% sasaminipoen.

Dados, sanadyan tetijang ngrikoi madjeng dateng onderwijs, nanging jèn katanding kalijan nagari ngamantja taksih nama kompèren.

Para pantoentoen kedah ngreka-daja soepados angka 3% poenika saged dados tiga kaping tigang dasa, poenapa pinten!

Nitik kamadjenan poenika waoe, inggih ladjeng tètela tanah kita betah sakolahan katah. Dados, saja katah saja prajogi.

Mila, lepat sanget tiyang ingkang gadah wawaton: „aloewoeng ora ana sakolahan, tinimbang ana sakolahan adadasar Kristen!“ Djer temboeng makaten poenika waoe sami kémawon kalijan: „ja bèn bangsakoe pada goblog, ora ngerti a. b. c.“

Saja lepat sanget manawi ingkang gadah waton makaten waoe prijantoen B.B. Prijantoen B.B. ingkang boten ambijantoe adjenging sakolahan, nama nglirwakaken wadajib ageng. Prijantoen B. B. ingkang ngalang - alangi adeging sakolahan ing bawahipoen, tetep boten adamel adjenging bangsa. Prijantoen B. B. ingkang ngalang - alangi adeging sakolahan Kristen, Missie oetawi Zending, sami oegi kalijan moeng! „Bangsakoe, kowé adja madjoe! Lestarekna bonto kaja saiki iki!“ Prijantoen B. B. ingkang makaten poenika pantes sanget dipoenpètoe-toeri mawi temboengipoen golongan B. B. pijabak, kaseboet wonten *Mardi Kasantosan* 12 Februari, makaten:

„Dados sampoen terang sanget, bilih koela sami prijantoen B. B. kanggé pangeroes preloening rakjat. Awit saking poenika prijantoen B. B. kedah gadah antjas toewin roemaos bilih sariranipoen kanggé rakjat, boten rakjat kanggé sariranipoen“

Wekdal sapoenika, rakjat amebatahaken wontening sakolahan-sakolahan. Poenapa inggih prijantoen B. B. ingkang kanggé rakjat waoe ngalang - alangi adeging sakolahan, doepèh adadasar Kristen? Prijantoen B. B. ingkang makaten waoe tetep boten nganggèni anggènipoen kadadosaken sesepoehing pradja.

Mangga, sinten ingkang roemaos kataman, koela atoei ngroemaosi! Kumuningsaselé 21 Febr. '30.

Taklim: Patjar Mérah.

CORRESPONDENTIE.

A. Sampoen dados pangalih, kirang papan.

Tjantrik Kebon sarèn minggoe ngadjeng. S. abn. 701 te Singkawang: prajogi. M. abn. 11 te M. sampoen katjatet. Dul It. te P. sampoen seling serep: asma pandjenengan kados boten kasrèmpèng poenapa-poenapa. Saweg dipoenrembag. Karangan - karangan ingkang loemebet dipoenatoeri njantosaken sawatawis.

kanggé wekdal maleman sapoenika poenika: Antjer-antjer pranatan bab daradjadiipoen loerah doesoan; Padvinderij; Anggoela - wentah salira pribadi kalijan paprangan ing salebeting batos: Agama kalijan Kawroeh; Idjadil; prakawis panggoela-wentah; ichtjar ngatahaken tigan lan panjadénipoen dateng nagari mantja; pakarjan irrigatie, lss. malih babagan kasarasan sapanoenggilanipoen.

Boekoe Casanova.

Postadministratie ing Indonésiah ngrikoi boten poeroen angintoenaken boekoe „Casanova's Liefdesavonturen“ lan „Decamerone“ kalih-kalihipoen wedalan firma Mulder & Co Amsterdam. Ingkang dados sababipoen margi gambar-gambar ingkang kawrat wonten ing ngrikoe: *anggegirisi!*

Dipoenpedjahi wonten salebetipoen wana.

Assistent Houtvesterij bangsa Ambon ing Parengan Bodjanegara, salebetipoen minggoe kapengker dipoenpedjahi tiyang mandoeng kangdjeng djatos, wonten salebeting wana. Kadjeng ingkang dipoentjolong, dipoentilar. Tiyang ingkang medjahi dèrèng katitik. (N. Soer. Crt.)

Journalist Tabrani.

Sadèrèk Tabrani journalist ingkang andjadjah tanah Éropah sampoen wangsoel ngedjawi. Nalika dipoenpitakèni wakil *Pewarta Deli* mratélakaken bilih sariranipoen sampoen andjadjah dateng Nederland, Djerman, Perantjis, Baritanijah, Tsecho Slovakije. Pandjenenganipoen badé manggèn wonten Weltevreden njamboet damel wonten kalangan journalistiek ambijantoe serat-serat kabar ageng ing Nederland. Sadèrèk Tabrani poenika poeta pambadjengipoen assistent wedana Pakong tjaket Pamekasan Madoera.

Nandangti lintah darat.

Paréntah ngadani Commissie Anti Woeker kapatah njinaoe saha soeka pamrajogi kanggé nanggoelangi saha

njirnakaken lintah darat. Ingkang dados pangrèhing Anti Woeker Commissie waoe Mr. K. L. J. Enthoven (pangarsa) Mr. van Uchelen (panitra), W.S. de Haas pangageng Tuchtvoeding lan Armwezen, Mr. P.G. Bijdendijk, Th. A. Meister, Loa Sek Hie (warga Raad Kawoela) R.M.A.A. Koesoema Oetaya, W. van Balen, Mr. Th. A. Fruin (dirèktoer Centrale Kas), J. J. B. Ostmeier (adviseur A.D.E.K.) lan C.J. Hulshoff (voorzitter Anti - Woeker Vereening ing Bandoeng).

Lintah darat poenika samangké pantjèn grebda, malah *katah ingkang sami pating tloesoep dateng pakampoengan. Kala taoen 1916 Nagari sampoen ngawontenaken woeker ordonantie. Ordonantie poenika ngoewasakaken pangadilan soeka kamajaran dateng ingkang njamboet oetawi angitjalaken pradjandjian manawi kamanah kaka-tahan pamendeting anakan ngantos damel rekaos. Nanging wontening papalang makaten poenika boten sami dipoenadjirihi kantja lintah darat. Malah ladjeng anindakaken tjara serat accept kapoe-rih néken ingkang njamboet. Serat accept poenika serat samboet kapisamboet toemrap bangsa Éropah ing bab lampah dagang. Mila ing salebeting serat accept waoe boten namoeng badanipoen pijabak ingkang kapratèlakaken soedagar; ingkang njamboet inggih kaakenaken soedagar oegi Moegi - moegi wontening komisni nglawan lintah darat poenika saestoe saged moerakabi dateng ngakatah.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO

„RATHKAMP”
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

„RATHKAMP”
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

HEEL DE ARCHIPEL

LEEST

DE KOERIER

Eenig R. K Dagblad

in Ned. Indië.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL - Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan - permainan boeat anak-anak ketjil. -

Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!

Tjat gilap A. dari **FRIELING.**

Boeat loear dan dalam, teroes bisa dipakai.

dalam blik netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo;
satoe blik	10,50	5,50	3	1,30	0,75	roepiah

Tjat gilap B. -

boeat loear dan dalam, teroes bisa dipakai,

satoe blik netto	10 Kilo	f 8,50
satoe blik netto	5 Kilo	f 4,50

Pabrik tjat R. B. FRIELING.
GONDHOMANAN 80 - DJOKJA - Telefoon 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan ³⁾ 7.30	Soerabaja: 7.30
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madjoen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal ²⁾ 7.30-9.30
Djokja: 7.30	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementsstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Kota Baroe 6-7.30	Moentilan 5-6-8.	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9.
Djombang ¹⁾ 7.30	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Gedangan 7-9.	Weltevreden: 7-9.
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Bangkong 6.30-8.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gombong ³⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Pajakoeambo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Kediri 7.30	Palembang 7-9.	Singkawang 6.30-9.	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6-7.30	
Koeta Radja 6.30-8.			

¹⁾ 1e. Achad. ²⁾ 1e. + 3e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad. ⁸⁾ 3e. Achad.

Jaarbeurs Bandoeng.
Béndjing 21 Djoeni doemoegi 6 Djoeli taoen poenika, ing Bandoeng badé wonten jaarbeurs ingkang kaping sawelas.

Balé Agoeng.
Wonten pawartos ing Ngajogjakarta badé wonten raad nagari kanamakaken „Balé Agoeng.” Saking kaparenging ngarsa dalem Kangdjeng Soeltan saroe djoe khalijan padoeka toewan Goepnoer, dapoekaning Balé Agoeng waoe makaten: Pangarsa satoenggal; warga limrah ingkang dedé kawoela Goepmèn 9; warga miroenggan kawoela Goepmèn 3.

Pangarsa sarta warga limrah, ingkang netepaken ngarsa dalem, sarembag kalijan t. Goepnoer, déné warga miroenggan 3 ingkang netepaken t. Goepnoer pijambak. Warga limrah 9 waoe ingkang satoenggal kawoela katetepaken dados wakil pangarsa, ingkang netepaken oegi ngarsa dalem, sarembag kalijan t. Goepnoer.

Warga limrah waoe ingkang 4 mendet saking santana dalem (grad sakawan minggah) toewin ingkang 2 kedah sadèrèk partikelir ingkang dedé santana dalem.

Tetepaning dapoekan kanggé tigas taoen sadaja ladjeng kendel sasarengan, nanging ingkang kendel waoe kénging katetepaken malih.

Parepatan kadamel oemoem kénging kasoemerepan ing katah, déné jèn perloe inggih kénging damel parepatan winados, nanging boten kénging netepaken karampoengan ingkang perloe-perloe. Basa ingkang kanggé wonten parepatan kénging mawi basa Djawi, Mlajoe, Walandi. (Sedyu Tama).

Pasinaon Bestuurschool.
Taoen poenika bestuurschool ing

Betawi saged nampi ambtenaar bangsa kita 12 idji. Prijantoen ingkang kénging mlebet mrikoe kedah sampoen njamboet damel 6 doemoegi 10 taoen lan kedah sampoen naté dados pangageng onderdistrik (oetawi pakarjan ingkang kasamèkaken, oepami Inl. officier v. Justitie, ass. wedana poelisi) dangoenipoen kalih taoen.

Sinten ingkang badé nglebeti kedah nglampahaken rekès dateng dirèktoer Dep. B.B., kasèp-kasèpipoen doemoegi tanggal 1 April. Rekès waoe kedah loemantar pangagenging afdeeling, lan kedah dipoensoekani lampiran toeroenan serat-serat katrangan, stamboek lss.

Arta zitting ing Regentschapsraad.
Parepatan regentschapsraad Pandegelang, anetepaken arta zitting kanggé warga ingkang ndatengi parepatan katahipoen f 5 ing sadinten.

Bestuursconferentie.
Béndjing 20 lan 21 Maart Ingkang Witjaksana badé ngawontenaken conferentie kalijan pangageng-pangageng gewestelijk bestuur sadjawining tanah Djawi, manggèn ing Betawi. Rembag ingkang perloe angrembag prakawis politik oemoem.

Prangko serat taksih adjeg.
Wonten Memorie van Antwoord kapratèlakaken bilih prangko serat kalih têng boten saged kaedakaken reginipoen dados 10 sèn. Djer manawi makaten, Nagari ladjeng kapitoenèn f 80.000 saben taoen.

Dr. Radjiman Widyadiningrat.
Dr. R. T. Wedyadiningrat dokter Kraton Soerakarta, saèstoe perlop dateng Èropah kalijan garwanipoen (njonjah).

Tindakipoen saking Tg. Prioek tanggal 5 Maart, nitih baita Christiaan Huigens. Sadèrèngipoen doemoegi Nederland pandjenenganipoen badé ngrawoehi Mekah lan Medinah andjembaraken seserepan.

Kondroeripoen béndjing wekasaning taoen 1931, badé mijos Amerika, Djepang, Tiongkok, ngiras ndjembaraken seserepan oemoem.

Kanggé isinipoen Digoel.
Tanggal 14 poenika wonten tijang 14 ingkang kaangkataken dateng boetjalan ing Digoel. Tetijang waoe ingkang katah saking sadjawining tanah Djawi.

Peté wonten kanggénipoen.
Dr. B. C. P. Jansen wonten ing Mededeelingen vd. B. G. D. taoen 1923 anerangaken perloening vitamin ing salebeting tetedan. Dokter waoe mastani tetedan ingkang isi vitamin oep. katjang idjem, djoewawoet, katol, isi kenari, peté lss. (Sin Po).

Regenten Bond.
Manoet tjarijosipoen Aneta, panggrèh pakempalanipoen para Boepati „Sedyo Moeljo” anetepaken dintening konggrès wonten Betawi tanggal 13, 14, 15 Djoeni. Rembag ingkang preloe angrembag nasibipoen Inl. Bestuur. Warga - warga katedanan soepados damel praedivies bab ing ngandap poenika:

- Inlandsch Bestuur kalijan Inl. rechtsgemeenschappen;
- Inl. Bestuur kalijan Euro. Bestuur.
- Inl. Bestuur kalijan onderafdeelingraden.
- Inl. Bestuur kalijan Bestuurshervormingswet.

Konggrès Journalist bangsa Tionghoa.
Manoet tjarijosipoen Perniagaan, dr. Kwa Tjoan Sioe lan mr. Ko

kwat Tjong badé sami ngadani konggrès kanggé journalisten Tionghoa ing Indonesia. Sedyaning konggrès poenika waoe ngawontenaken karokoenan ing salebeting djagadipoen para journalisten. Kadjawi poenika oegi badé kamanah kadospoendi sagedipoen angindakaken daradjadipoen serat kabar basa Tjina lan Mlajoe-Tjina.

Katjakot baja.
Ing Bandar Klippa dèrèng dangoe poenika wonten tijang katjaplok baja ngleresi adoes wonten lèpèn. Majitipoen dipoenopadosi dèrèng kapanggih. (Deli Courant).

Kaindakan blandjanipoen.
Deli Crt. martosaken bilih Dèli Maatschappij lan bokmanawi inggih maskapé sanèsipoen ingkang ngempal wonten ing Tabaksbureau, badé ngindaki balandjanipoen Assistent Kebon, i. p. sasampoenipoen njamboet damel 6 taoen woloeng woe-lan, assistent ingkang blandjanipoen soewaoe f 540 kaindakan dados f600 sawoelan.

Toko kawanwelas dados awoe.
Ing Haoergeulis bawah Indramajoe mentas dèrèng dangoe poenika wonten toko kawanwelas dados tedaning awoe. Kapitoenanipoen kirang langkoeng f 76.000

Dr. H. Kraemer.
Dr. H. Kraemer pangandjoer Zending, ahli sastra, badé angadjawi ladjeng dedalem wonten Soerakarta. Pandjenenganipoen andjadjah Indjajoggrès ngantos tigang woelan anjinaoe kawroeh Islam, sarta andarat wonten Colombo. Saking ngrikoe dateng Belawan ladjeng njamboet damel sakedap wonten tanah Batak. Anggènipoen dateng tanah Djawi kinten-kinten wonten akiripoen woe-lan April.

MANTJA NAGARI

ITALI. Poetra Mussolini patjangan. Poetranipoen èstri Mussolini ingkang sepoeh pijambak, Signorina Edda Mussolini, patjangan kalijan il Conte Ciano secretaris oetoesan Itali wonten ing Vatimaan.

TIONGKOK. Tilgram Aneta Reuter saking Shanghai 17 Febr., njarijosaken ing Tionghok Lèr sami kata-tata badé mangsah perang malih. Ing Shansi barisan Lèr sampoen sami patjak baris, mlampah mangidoe badé mengsah balanipoen Chiang Khai Shek. Malah tanggal 15 woelan poenika sampoen wonten ingkang ajoen - ajoenan sakedap wonten Kwèthet ing saeroeting margi sepoelunghai.

Aneta radio saking Peiping (Peking) tanggal 19 Febr. njarijosaken paréntah Nanking sampoen ngintoenaken wadyabala mengalèr. Yen Hsi Shan ingkang dados pangandjoering wadya Lèr nimbangi ngintoenaken wadyabala 30.000 dateng Tsi Nan Foe.

Ing Peiping oendang perang sampoen kajajaraken.

PHILIPPINA. Badé wonten pangiridan? Ing dalem serat kabar katjarjosaken, pamedalipoen paréntah nagari Pilipinah soeda katah sanget. Ing salebetipoen 18 dinten ing woelan Djanoewari pamedalipoen ing dalem sadinten soeda 90.000-nan pèsos (kirang langkoeng: f 1,24 x 90.000).

Soedanipoen waoe katitik sanget wonten ing paos sadéjan sroetoe.



ANTONIUS PETRUS FRANCISCUS VAN VELSEN, KANG SAKA SIH PALIMIR-
MANING GOESTI ALLAH LAN KAMIRAHANING PASAMOEAN SOETJI
DJINOENDJOENG TITULAIR BISSCHOP AEZANI LAN
APOSTOLISCH VICARIS ING BETAWI.

*Moega Goesti maringaké karahardjan marang Imam-Imam Pasamoean
lan marang para sadoeloer kang toenggal iman.*

Sadoeloerkoe kang daktresnani
karana Sang Kristoes.

Ing nalika tanggal 20 sasi De-
cember, taoen 1929 Kangdjeng Santo
Rama maringi nawala marang sa-
doeloer Katholiek ing saloemahing
djagad. Moenggoeh kang dadi ker-
sané Kangdjeng Santo Rama paring
nawala maoe, moeng ngatingalaké
renaning panggali, déné taoen-soetji
wohé njata ora ngoetjiwani kèhé.
Kangdjeng Santo Rama mriksani
pijambak para sadoeloer Katholiek
saka kéblat papat, kang pada kaja
ambjoek-ambjoeka sowan menjang
Roem: Kadjaba ikoe mireng, jèn
saloemahing djagad taoen-soetji
maoe dimoeljakaké gedèn-gedènan,
lan manèh sapira baé kèhing pi-
soengsoeng kang dioendjoekaké ing
Sampéjan Dalem, minangka tanda
katresnan. Iki kabèh kang ndjalari
mareming panggali dalem.

Moeng baé ana manèh kang ma-
remaké panggalihé Kangdjeng Santo
Rama, jaikoe, déné enggoné moel-
jakaké taoen-soetji nélakaké nggre-
goet-soengkem ing Goesti Allah lan
atèn-atèn manoet rasa - Katholiek.
Bareng taoen-soetji maoe ndoeng-
kap boebar, Kangdjeng Santo Rama
kawedal kang diadjeng-adjeng, jaikoe
soepaja nggregoet-soengkem ing
Allah maoe adja nganti ana soedané;
lan manèh Kangdjeng Santo Rama
maringi priksa sarana saperkara
amrih bisa nggajoeh kersa dalem
maoe.

Sadoeloerkoe kekasih! Sarèhné
saiki wis mèh ngantjik mangsa pasa,
pangarep - arepkoe moega - moega
kersa dalem maoe kaboela, awit
ikoe maédahi banget toemrapping
soekmamoe lan oega kanggo adjoe-
ning Pasamoean Soetji ana ing
tanah Djawa kéné.

Moenggoeh sarana kang diker-
sakaké Kangdjeng Santo Rama maoe
kang endi?

Sarana kang dikersakaké jaikoe
tapa-Katholiek (retraite). Mara roe-
ngokna pangandika dalem.

„Naloeri pangandikaning Kang-
djeng Santo Rama leloehoerkoe, pa-
moedjikoe ing Goesti Allah; moega-
moega lakoe-loehoer tapa-Katholiek
moendak - moendaka enggoné dipi-
goenakaké. Tapa - Katholiek ikoe
moela dasar njata gedé banget
paédahé! Kang dakarep - arep soe-
paja Imaming Pangéran lan para
sadoeloer toenggal - iman padaa tan-
sah migoenakaké lakoe-loehoer maoe.
Saking adrengging pangarep-arep-
koe, akoe njenjadang berkahing
Pangéran, moega-moega adjoening
tapa-Katholiek maoe kang dadi tanda-
pangéling-élinging taoen-soetji.”

O para sadoeloer toenggal-iman!
Ing tanah lija sadoeloer Katholiek
enggoné ngadjokaké tapa-Katholiek
nggregoet banget. Para sadoeloer
bokmanawa ija wis kroengoe, jèn
ing nagara Walanda wis ana pa-
sraman-tapa. Ing saben taoené kang
pada menjang salah sidjining pa-

sraman-tapa perloe ngangsoe ka-
wroeh - kabatinan kanggo gaman
rohani loewih saka 3000, malah wis
taoe nganti tekan kiwa-tengené 5000.
Kang teka maoe toer ija warna-warna
moenggoeh pangkaté. Déné jèn pa-
sraman kang saantéro kaja mangkono
akèh banget: Ing saiki goenggoeng
kloempoek sadoeloer lanang wadon
kang sok mrana setaoené bisa nganti
leksan; toer ija mepaki banget: bang-
sa krija lan tani, moerid lan goeroe
sekolahan loehoer, saradadoe lan
oepsir - oepsir, poenggawa nagara,
malah nganti tekan minister-minister
oetawa goepernoer provincie. Sa-
doeloer-toenggal-iman ikoe pada
gilig remboegé, pada menjang ing
pasraman-tapa, perloe ngangsoe
kawroeh - kabatinan, soepaja moen-
dak-moendaka soetji oeripé lan
teroes setya-toehoe dadi poetraning
Pasamoean Soetji.

Moeng baé sadoeloer-sadoeloer!
Manawa ngélingi pangandikaning
Kangdjeng Santo Rama maoe eng-
goné kagoengan kersa, soepaja
nggregoeting tapa-Katholiek dadi
pratanda - pangéling-élinging taoen-
soetji, bandjoer mikir mangkéné.
Kang ikoe nadyana ing wektoe saiki
tapa-Katholiek wis djeneng betjik
toemindaké, moeng baé iki isih
mligi kanggo miwiti: moelané ing
taoen 1930 ajo pada ngajati sakijat-
kijaté.

Ora nggoemoenaké atikoe, jèn
Kangdjeng Santo Rama ngandika

mangkéné: „Djaman saiki ikoe lagi doewé lelara-nemen sawidji: lelara kang dadi toeking ala pirang-pirang: lelara kang ndjalari ngesahé saben wong; lelara ikoe maoe jaikoe: gemampang lan koerang mikiran. O iki kang ngandjogaké ing dalan kang nasar-nasaraké. Kang dadi djalaran-djalarané koerang santosané lan ilanging karep ing prakara kang loehoer-loehoer; oetawa bandjoer dadiné kéloet ing samoebarang kang bakal sirna, jaikoe adréngé wong ing djaman saiki marang barang kang betjiké moeng ing semoené baé; oetawa manèh enggoné pada mata-doe-witen lan kepéntjoet ing kasenangan mblasar. Saking kebangetenané nganti kaja-kaja mèh mokal bisané pada mikir-mikir ing ngèlmoe kanjatan lan nglimbang² angger-anggering Goesti Allah. Wawasan bab Goesti Allah baé ija wis ora dipaèloe, mangka Sampéjan Dalem kang djoemeneng moela-boekané toemitah kabèh sarta kang djoemeneng poking toedjoening bangsa manoengsa. Ikie maoe ora sebab Goesti Allah kesoepèn ing bangsa manoengsa. Sanadjan ing djaman samengko keliwat-liwat amaning soekma maoe, kang mratah soembar ing saloemahing djagad, éwasamono saking loebèring sih Dalem ija isih akèh banget kang pinilih tinimbangan ing Sampéjan Dalem; ija Goesti Allah ikoe Maha-saé sarta Maha-welas. Ora ana kang bisa madal sih Dalem. Saiki para sadoeloer moenggoeh sarana kang kanggo ngilangaké amaning soekma kang ngenani bangsa manoengsa maoe, kang prajoga déwé tapa-Katholiek. Sadoeloer kang soekmané wis mèh pada lembèk ing perangé rohani, ana ing pasraman-tapa pada bakal bisa nggregoet manèh.”

Para sadoeloerkoe toenggal-iman, samengko oega pada ngalami oerip ing djaman kang kena amaning soekma iki. Apa kowé ngira jèn ora bakal pada ketoelaran lelara maoe? O gampang enggonmoe pada bisa ketoelaran, sarèhné ing kéné akèh wong kang oeripé wiwit tjilik moela ora digoela-wentah manoet agama lan kang kaimpi-impi moeng kadonjan baé. Adja pisan-pisan ngira jèn ora bakal bisa ketoelaran ngangsa-angsa mboeroe kadonjan, angger wegahan migoenakaké sarana-sarana paringé Goesti Allah. Pa-

ngangsa-angsa maoe ora woeroeng ngilangaké adréngmoe nggajoe kang loehoer-loehoer lan adréngmoe ndjanka kamoeljan langgeng. Sadoeloer Katholiek oega wis pada ngroemangsani déwé: botjah ikoe arepa digoela-wentah kang ora ngoetjiwani, jèn wis diwasa meksa doeroeng mesti bisa panggah, samangsa perang karo awaké déwé; oetawa samangsa bandjoer kataman atèn-atèn éla-èloe, ora perdoelèn oetawa moeng golèk kapénaké déwé. Kabèh iki malah loewih gampang nariké marang kang asor-asor tinimbang karo kang ndjanka marang kang loehoer-loehoer.

Amaning soekma maoe lelara kang njoemelangi: enggoné njoemelangi ora sebab bakal nggèndèng menjang bambinging koeboeran, nanging sebab bisa njegoeraké soekma ana ing naraka. Para sadoeloer weroeha! kang bisa noelak ija ora lija moeng sarana kang dikersakaké Kangdjeng Santo Rama jaikoe tapa-Katholiek.

Moelané sadoeloerkoe kekasih! Saiki roengokna lan rasak-rasakna pangandikané Goesti Jésoes: „Hèh wong kang kabotan ing momotanmoe, pada mrénéa, Akoe kang bakal majaraké. Menjanga ing papan sepi, ngasokna badanmoe.”

Sapa kang arep nampik timbalan kang manis kaja mangkono? Apa ija arep wedi ing rekasa! Goesti wis kersa njagahaké karahardjan lan katentreman kang gedé banget. Lan apa ija ana sadoeloer kang bakal ora gelem ngoerbanaké dedoewéné satitik minangka woedjoed soembang-soeroeng! O mesti ora ana. Awit kanggo rahajoening soekmané.

Moenggoeh toedjoening lajangkoe iki kang perloe déwé jaikoe: moendak-moendaka akèh sadoeloer kang migoenakaké tapa-Katholiek. Kang daktoedjoe kapindoné: moega-moega sadoeloer Katholiek pada reréwang adjoening pakarjan tapa-Katholiek.

Enggonkoe doewé karep ngajati ngedégaké pasraman tapa-Katholiek ikoe wis soewé. Moela taoen kang kapoengkoer iki kapoetoes bakal énggal miwiti ngedégaké pasraman-tapa, nadyana mestiné meksa kapaksa nganggo digolèkaké dana disik. Pasraman maoe moeng mligi kanggo tapa-Katholiek, kang lakoe-

né mitoeroet kang woes dikersakaké para oelah-kasampoernan lan Pangrèhing Pasamoean Soetji.

Adeging pasraman-tapa maoe wis mesti maédahi banget ing soekma-soekmamoe. Kang ikoe moelané akoe saiki ija ora nganggo gragreg setengah ndjagakaké bërboedimoe. Saka pamawaskoe soembangsoeroengmoe maoe kena kokanggep wetoening doewit kang bakal moerakabi ing oeripmoe kebatinan.

Para sadoeloer, bangsa manoengsa ikoe wis mesti bakal ketekan kang dadi idam-idamaning oerip, jaikoe tentreming soekma, angger kanjatan loehoer kang dipikir-pikir lan dilimbang-limbang ing sadjroning tapa bebasané nganti roemangsoek ing baloeng-soengsoem: soemrambah ing oeripé manoet rasa-tindak Katholiek. Jèn mangkono pangadjeng-adjengé Kangdjeng Santo Rama kang kamot ing nawala dalem ija ora bakal mlèsèt klakoné; „Pax Christi in regno Christi, Katentreman pepariné Sang Kristoes! ana ing kratoné Sang Kristoes.”

Ing wasana para sadoeloer pada dakedjak njembahjangaké Pasamoean Soetji lan Kangdjeng Santo Rama. Kadjaba ikoe oega pada njembahjangna Sri Maha Radja Wilhelmina, lan panggedémoe rohani lan djasmani.

Lajang iki koedoe diwatja ana ing Grédja, jèn meneri dina Ngahad Quinquagesima. Lan manèh lajang bab wewaton pasa oega koedoe dipasang ana ing ngarep Grédja.

Tinoelis ing Betawi Februari 1930.

† A. P. F. van VELSEN, S. J.

Titulair Bisschop Aezani,

Apostolisch Vicaris ing Betawi.

